ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№195 (21.603) ● 2009 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къабардей-Балъкъэр Республикэм эзрызиужым, зарефЛакІуэм, ди щІэр нэхъри лъагэ эзрыхъум и щыхьэтщ иужрей зэманхэм ди щІыналъэм щекІуэкІ зэІуищІэшхуэхэр, дунейпсо зэпеуэхэр, фестивалхэр.

Апхуэдэу Налшык къалэ махуитКІэ щыхьэщІащ урысей кином и артист пашэхэмрэ режиссерхэмрэ.

Жэпуэгъуэм и 13-м профсоюзхэм Щэнхабзэмкіэ я унэм щекІуэкІащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и зэІущІэшхуэм щыщ Іыхьэу урысей кином и щыхь. Абы хэтащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ**І Меркулов Александр**, абы и къуэдзэ **ДышэкІ Мадинэ**, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм кърихьэлІат сценарист, продюсер, режиссер цІэрыІуэхэу, кинематографием и лэжьакІуэхэу Нэгъалпъэ Аскэрбий (Адыгэ Республикэ), Иванов Олег, Калинин Михаил, Яковлевэ Татьянэ, Хотиненкэ Владимир, УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь Лаврентьев Клим, нэгъуэщІхэри. Ауэ псом хуэмыдэжу фІыщІэ хуэсщІ Михалков Никитэ. Сэ си гуапэщ ар къызэрысцІыхуар. Псоми фІыуэ дощІэ кином и цІыхухэм зэрахущІэмыхьэр. Аращи, зэман кьагъуэту, я Іуэху кьагьанэу ди щІыналъэм кьызэреблэгъар ди гуапэщ.

АдэкІэ Къанокъуэ Арсен жиІащ Михалков Никитэ «КъБР-м и щІыхубэ артист» цІэ лъапІэр зэрыхуагъэфэщар икІи бгъэхэІу дамыгъэмрэ щІыхь тхылъымрэ абы иритащ. Апхуэдэу КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэр хуагъэфэщащ Лаврентьев Клим.

- Сэ иджы сощІэ пенсэм щхьэкІэ сыздэкІуэнур! - жиІащ Михалковым, гушыІэу. - Уи гурыщІэхэр уи бгъэм щимыхуэжхэм деж умыпсэлъэххэмэ нэхъыфІщ. Сэ апхуэдизкІэ си псэм зигъэпсэхуащ, си нэгум зиужьащ мы махуитІми, ар псалъэкІэ кьыдэрысІуэтэнур кьысхуэщІэркъым. Узыхэт цІыхум ущызыхащІэкІэ, я гумрэ я псэмрэ зэІухауэ ущрагъэблагъэкІэ, пщІэ кьыщыпхуащІкІэ уи гур хохьуэ. Апхуэдэщ Налшык къалэри. Иджырей зэманым лъагъуныгъэ, лъытэныгъэ, пщІэ, нэмыс, гъэсэныгъэ псалъэхэм я мыхьэнэр зихьумэжа, а псоми куэду щыпльагъу щІыналъэм си щхьэкІэ си гуапэщ сыщыхьащІэну. ГуфІэн хуейуэ кьаэн зыщащІауэ гуфІэ цІыхухэм фахуэдэкъым фэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым сызэрыщыхьащІэрэ махуитІ мэхъури, зы фэрыщІагъэ слъэгъуакъым. Ди гупым къыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхуэсщІыну, нэхъри евгъэфІакІуэу, фи щІыналъэ дахэм фыдэщІэращІэу фыпсэуну сыхуейт.

● Гъуаздж э

Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист Михалков Никитэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен фІыщІэ хуещІ.

МИХАЛКОВ Никитэ:

Сэ иджы сощІэ пенсэм щхьэкІэ сыздэкІуэнур!

ми фІыщІэ псалъэкІэ захуэзгъэзэну сыхуейт. Псом хуэмыдэжу фІыщІэ хуэсщІ Михалков Никитэ. Сэ си гуапэщ ар къызэрысцІыхуар. Псоми фІыуэ дощІэ кином и цІыхухэм зэрахущІэмыхьэр. Аращи, зэман кьагъуэту, я Іуэху кьагъанэу ди щІыналъэм кьызэреблэгъар ди гуапэщ.

АдэкІэ Къанокъуэ Арсен жиІащ Михалков Никитэ «КъБР-м и щІыхубэ артист» цІэ лъапІэр зэрыхуагъэфэщар икІи бгъэхэІу дамыгъэмрэ щІыхь тхылъымрэ абы иритащ. Апхуэдэу КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэр хуагъэфэщащ Лаврентьев Клим.

- Сэ иджы сощІэ пенсэм щхьэкІэ сыздэкІуэнур! - жиІащ Михалковым, гушыІэу. - Уи гурыщІэхэр уи бгъэм щимыхуэжхэм деж умыпсэлъэххэмэ нэхъыфІщ. Сэ апхуэдизкІэ си псэм зигъэпсэхуащ, си нэгум зиужьащ мы махуитІми, ар псалъэкІэ кьыдэрысІуэтэнур кьысхуэщІэркъым. Узыхэт цІыхум ущызыхащІэкІэ, я гумрэ я псэмрэ зэІухауэ ущрагъэблагъэкІэ, пщІэ кьыщыпхуащІкІэ уи гур хохьуэ. Апхуэдэщ Налшык къалэри. Иджырей зэманым лъагъуныгъэ, лъытэныгъэ, пщІэ, нэмыс, гъэсэныгъэ псалъэхэм я мыхьэнэр зихьумэжа, а псоми куэду щыпльагъу щІыналъэм си щхьэкІэ си гуапэщ сыщыхьащІэну. ГуфІэн хуейуэ кьаэн зыщащІауэ гуфІэ цІыхухэм фахуэдэкъым фэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым сызэрыщыхьащІэрэ махуитІ мэхъури, зы фэрыщІагъэ слъэгъуакъым. Ди гупым къыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхуэсщІыну, нэхъри евгъэфІакІуэу, фи щІыналъэ дахэм фыдэщІэращІэу фыпсэуну сыхуейт.

Светличная Светланэ ди цІыхухэр, ди щІыналъэр игу ирихьащ.

Творчествэмкіэ Дунейпсо Академием и президент Гладышев Георгий жиІащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенрэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ**І** Меркулов Александррэ а академием и академик цІэ лъапІэр къызэрыхуагъэфащэр икІи щыхьэт тхыльхэри кьаритыжащ.

Пшыхьым кьрихьэлІат урысей кином и артист цІэрыІуэхэу, «Бриллиантовая рука» фильмым щыджэгуа Светличная Светланэ, «Мужики» фильмымкІэ псоми фІыуэ тцІыху, УФ-м и цІыхубэ артист Михайлов Александр, нэгъуэщІхэри. Ахэр уэсэ къеджащ, уэрэдхэр жаІащ.

- Пщэдджыжьым жыуэ щхьэгъубжэм сыкъыщыдэплъым, зы лъэныкъуэмкІэ дыгъэр къыщыкъуэкІырт, адрейкІэ къурш хужьышхуэхэр къаплъэрт. А псори щхьэнтІагъэм щІигъэнауэ... ИтІанэ сэ кьызэрыІуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цІыхуэхэр апхуэдизу щІэдахэр, щІэцІыхуФыр - фи щІыуэпс гъэщІэгъуэным кьарурэ гушхуэныгъэкІэ фигъэнщІу аращ. Сэ сыхуейт нэхъыбэрэ сыкъыфхуеблэгъэну, мы щІыналъэм сыщыхьэщІэну. Кьыхэзгъэщынут фи Президентыр цІыху телъыджэу кьызэрысщыхьуар. Зэи срихьэлІакъым апхуэдэ. Сызэгупсысащ: щІынальэм и пашэр цІыхуфІмэ, гу кьабзэмэ, цІыхухэри апхуэдэнущ, - жиІащ Светличнэм.

Пшыхьым кьекІуэлІахэр ирагъэплъащ Хотиненкэ Владимир и «Поп» фильмым. Ар зигу ирихьахэр Хотиненкэ бгъэдэльхьэурэ фильмыр кьызэрехъулІам щхьэкІэ екъуэхьащ. «Фэращ фІыщІэ псори зыхуэфащэр, цІыхухэм апхуэдизу я гум сыщыдыхьакІэ, сэ нэгъуэщІзыри сыхуейкъым», - жиІащ режиссер гъуэзэджэм.

Апхуэдэу зэрыгъэгушхуэу, зэхуэгуапэу зэхэтащ хьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Нобэ

Адыгэ лъэпкъым и къуэ щэджащэхэр

Абхъаз Республикэм и цІыхубэ, УФ-м, КъБР-м щІыхь зиІэ я артист, адыгэ актер щэрыІуэ Мысостыкъуэ Іщыгъэбгъэ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, Урысейм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, адыгэ тхакІуэ, усакІуэ щэрыІуэ Іутіыж Борисрэ псэужамэ, нобэ, жэпуэгъуэм 15-м, я ныбжьыр Пщыгъэбий ильэс 74-рэ, Борис - 69-рэ ирикъунут.

АХЭР ЗЫМЫЦІЫХУ, абы я творчествэм, я дуней тетыкІам, лъэпкь щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зегъэуэжьыным хуэунэтІауэ яхуэзфІэкІам щымыгъуазэ яхэткъым ди щІэджыкІакІуэхэм. Хэт зымылъэгъуар Мысостыкъуэ Пщыгъэбий и джэгукІэр, и утыку итыкІэр, зэхэзымыхар абы и усэ кьеджэкІэр, и гушыІэкІэр, иГъэхьэзыра радионэтынхэр? Іутіыж Борис и пьесэхэм кьытращыкІа драмэ, гушыІэ спектаклхэр зымыльэгъуа куэд щыІэ? Абы и усыгъэ кьабзэм, и псыхъуэм и лъэпкъым и творческэ зэфІэкІыр езыхэм я гъащІэм нэхърэ нэхъ кІыхьщи.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.



Балькъэр усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа Мечиев Кязим теухуа тхыгъэхэм 2-нэ напэкІуэцІым фыкъыщеджэ.



Ильэси 150-рэ ирокъу осетин литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа усакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Хетагуров Коста кьызэралъхурэ.

Ильэс 90 ирокъу УФ-мрэ КъБР-мрэ я цІыхубэ артист, ди республикэм и Къэрал саугъэтыл и лауреат Кучуков Магомед кьызэралъхурэ.

Пенсэм щІагъу социальнэ ахъшэхэр гъэувынымкІэ полномочие зыбгъэдэлъ органым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм фокІадэм и 28-м №248-ПП

«Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым, Урысей Федерацэм Социальнэ страховэнэмкІэ и фондым, ФІкъЫпІэ зимыІэ медицинэ страховании и федеральнэ фондымрэ фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховании и щІыналъэ фондхэмрэ хальхьэ страховой взносхэм я гъэтеухуауэ» Федеральнэ законыр кьызэращтам кьыхэкІыу «Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъьэным икІи Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм (абыхэм кьыщыгъэува Іуэху щхьэхуэхэм) кьару ямыІэжу кьэлъытыным и Іуэхукіэ» 2009 гъэм бдзэрэгъуэм и 24-м кьыдэкІа Федеральнэ закон №213-ФЗ-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Пенсэм социальнэ ахъшэу дыщІагъуэр гъэувынымкІэ, ахэр щагъэувкІэ информацэ и лъэныкъуэкІэ зэрызэдлажьэм тещІыхьа зэгурыІуэныгъэр зэщІыпІэныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралвластым и уполномоченнэ гъэзэщІакІуэ органу къэщтэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зэгурыІныгъэмкІэ и министерствэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къалэнхэр зыгъэзащІэ ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Хотиненкэ Владимир и псалъэ.

Я фІэщ хъуркъым

Къэрал Думэм и зэІущІэр екІуэкІыу, хэхныгъэм къриКІуахэмкІэ мыарзы депутатхэм пэшыр ябгыщащ.

Жэпуэгъуэм и 11-м екІуэкІа хэхьанымгъэхэмкІэ арэзыкъым ЛДПР-р, «Справедливая Россия» партыр, КПРФ-р. А партхэм я унафэщІхэм жаІэ хэхьанымгъэм къриКІуахэр щІэрыщІэу ябжьыжьи хуейуэ.

Дыхуэхьэзыру пІэрэ?

УФ-м зэрамыгугъауэ щыхэхъуэмкІэ хъунущ дэжьыгъэшхэм я бжыгъэм.

- 2010 гъэм Урысейм щекІуэкІыну зэхъуэкІыныгъэхэм нэхъыбэ ищІынущ лэжьыгъэ зимыІэхэр. Дэ ар къэдмыгъэхъунымкІэ тхуэзэфІэкІ къэдгъэнэнкъым, ауэ псоми дыхуэхьэзыру дыщытын хуейщ. Нобэ нэхърэ нэхъыкІэ дыхьункІэ шынагъуэ щыІэщ, - жиІащ УФ-м макроэкономикэ къэхутэныгъэхэмкІэ и департаментым и унафэщІ Хотулев Евгений.

Дамэгъу пэж

«США-р Куржым дэІэпыкъуащ», - жеІэ Америкэм и Къэрал секретарь Клинтон Хиллари.

- Я къарур зыхащІэжьи, я гур кьызэрыгъуэтыжьи, заужьыжьи щхьэкІэ куржыхэм тхуэзэфІэкІыр яхуэтщІэнущ, - аращ Клинтон жиІар («Эхо Москвы» радиостанцым и нэтныр езыгъэкІуэкІым и упщІэм и жэуапу.

УФ-м хамэ къэралхэмкІэ и министр Лавров Сергейрэ Клинтонрэ вэсэмахуэ щызэІущІам Куржым тепсэлъыхьакъым.

- Си жэуапыр армырами ищІэрти аращ, - кьыхигъэщащ Хиллари.

Франджы зыгъэпсэхуакІуэхэр къарагъэл

Алыджым и Эвбее хыпІыгум зыщызыгъэпсэху франджы 426-р иэгъэущІ щІыпІэ ягъэІэпхьэн хуейт хъуащ, ахэр зыщІэс хьэщІэщым уэрыкІуэ къуэрыр мафІэм зэщІищтащ. А унафэр и чэзум ямыщІамэ, зыгъэпсэхуакІуэхэр къегъэлдыгъуей хьунут, МафІм исащ ахэр зыщІэса хьэщІэщри.

Алыдж хьтІыгур дэІэпыкъуэгъу мэлъыхьуэ, мафІэм езым и къарукІэ пэльэщыжьым.

НОБЭ

♦ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 18-м, къуэлъжьнуц сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 26-м.
♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикъи 8-рэ.

Планэтэр зыгъэхьэзырар **КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ, си хэкужь сыщылІэ.

● Юбилей

ГуащІэ инкІэ гъэнщІа ильэсхэр

1959 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м Налшык къыщыІэпхуахауэ щытащ гъэсыныпхъэр кьэгъэсэбэпыным кІэлъыплъ ІэнатІэ цІыку. Ар щІэдзапІэ хуэхьуащ мы зэманым лъэщагъэшхуэ зыбгъэдэлъ, цІыху минитІым щІигъу щылажь «Къэбэрдей-къэгъэ» акционер обществэ зэІуэкам, зи кьудамэхэр ди республикэм и щІыпІэ псоми щыІэм.

Зи лэжьыгъэфІэкІэ республикэм хуабжьу щыщІэрыІуэ Іуэхущ Іапі Гъуэзэджэм блэкІа ильэс щэ ныкъуэм зэфІигъэкІам, дяпэкІэ кьаІэну зыхуигъэувыІэхэм ятеухуа тхыгъэхэр ди газетым и кІыкІэлъыкІуэ кьыдэкІыгъуэм фІыкъыщеджэ.



ЩІымахуэ гъэплъыгъуэм хуэхьэзырщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Къаалэ администрацэм и управленэм и унафэщІ Уэзы Артур зэрыжиІамкІэ, республикэм и къалащхьэм и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр щІымахуэ гъэплъыгъуэм хуэхьэзырщ.***

- ЧЕРКЕССК и коммунальнэ Іуэхущ Іапі Іэхэм щІымахуэ гъэплъыгъуэм зыхуагъэхьэзыращ. ПсэупІэхэр зэрагъэплъ системэхэр кьагъэщІэрэщІэжащ, бжьамийхэр яхъуэжащ, унащхьэхэр, щІыпІэхэр ягъэкъэбзащ, - жиІащ Уэзы Артур.

Хьэрычэтыщ Іэ цІыкІум зрагъэужь

АДЫГЕЙ. ***Республикэм экономикэ зыужьынигъэмрэ сатумкІэ и министр Мэтыжь Аслъэн зэрыхуигъэфащэмкІэ, 2013 гъэм ирихьэлІауэ хьэрычэтыщІэ Іуэху мыиным хэт Іуэхущ Іапі Іэхэм я бжыгъэм проценти 9-кІэ хэхъуэнущ.***

МИНИСТРЫМ кьызэрыхигъэщамкІэ, Адыгеймэ хьэрычэтыщІэ Іуэху мыиныбгъэ курытымрэ ехьэлІауэ щыІэ программэр пхыгъэкІыным щыпІэ бюджетым дыззэрыт ильэсым сом мелуан 60 хухихынущ. Хьэрычэтыщ Іэ Іуэху цІыкІум хэт ІэнатІэу республикэм иджыпсту щатхар мини 3-м ноблагъэ, 2012 гъэм ар мини 3,3-м щигъунущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Нэхущ Залинэ щІэбэныпущ «Урысейм анэдэлъхубзэмкІэ и егъэджакІуэ нэхъыфІ» цІэр къэхьыным

Къулыкъужьм Ищэ къуажэм дэт курыт школ №1-м адыгабзэмкІэ и егъэджакІуэ Нэхущ Залинэ «Урысейм анэдэлъхубзэмкІэ и егъэджакІуэ нэхъыфІ» цІэр къэхьыным теухуауэ щэкІуэгъуэм и 5-7-хэм Москва къалэм щекІуэкІыну урысейпсо конкурсым зрыхутыным зыхуегъэхьэзыр.

А ЗэПЕУЭМ и щІыналъэ Іыхьэу иджыблагъэ Налшык щекІуэкІам Залинэ къыщыхилъхьащ школакІуэхэр бзитІкІэ егъэджэныкІэ, абыхэм я анэдэлъхубзэр егъэщІэнымкІэ эзым и лэжьэкІэр ищІ япэ увыпІэр кьыхьащ.

Конкурсым и урысейпсо Іыхьэм хэтынущ къэралым и щІыналъэхэм нэхъыфІу кьыщалъыта егъэджакІуэхэр.

КІУЖ Инэ.

Я фІэщ хъуркъым

Къэрал Думэм и зэІущІэр екІуэкІыу, хэхныгъэм къриКІуахэмкІэ мыарзы депутатхэм пэшыр ябгыщащ.

Жэпуэгъуэм и 11-м екІуэкІа хэхьанымгъэхэмкІэ арэзыкъым ЛДПР-р, «Справедливая Россия» партыр, КПРФ-р. А партхэм я унафэщІхэм жаІэ хэхьанымгъэм къриКІуахэр щІэрыщІэу ябжьыжьи хуейуэ.

Къэрал Думэм и зэІущІэр екІуэкІыу, хэхныгъэм къриКІуахэмкІэ мыарзы депутатхэм пэшыр ябгыщащ.

Жэпуэгъуэм и 11-м екІуэкІа хэхьанымгъэхэмкІэ арэзыкъым ЛДПР-р, «Справедливая Россия» партыр, КПРФ-р. А партхэм я унафэщІхэм жаІэ хэхьанымгъэм къриКІуахэр щІэрыщІэу ябжьыжьи хуейуэ.

● Мечиев Кязим къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу

Балъкъэр усыгъэм гъунэ изылъа

Апхуэдэ усакIуэхэм я пщIэр щылъагэ дыдэщ лъэпкъхэм я пащхьэм - ахэращ ныбжьышхуэ зимыIэ литературэхэм зэхэублакIуэрэ унэтIакIуэрэ яхуэхъуар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщI Къалмыкъ БетIал сэлам ирех адыгэ усакIуэ ПащIэ Бэчмырзэ. Джэдыгу хужь зыщыгъыр Мечиев Кязимщ.
Сурэтыр 1933 гъэм трахащ.

БАЛЪКЪЭР литературэм дежкIэ апхуэдэщ Мечиев Кязим, абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ лъэпкъ усыгъэм и япэ сатырхэр. Кулиев Къайсын зэритхыгъащи, Мечиев Кязимщ балъкъэр усыгъэм гъунэ изылъар. Гъунэ ирилъа къудейкъым-Кязим и къалэмым иубзыхуащ зи гуащIэр ин, зи цIэр жыжьэ щыIуа балъкъэр усыгъэм и хабзэ нэхъыщхьэхэр, абы и лъагапIэхэм ящыщщ Кязим и IэдакъэщIэкI усэхэмрэ поэмэхэмрэ.

Мечиев Кязим Хъулам-Бызынджы псыхъуэм дэс Шыкъы къуажэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэм 1859 гъэм къыщалъхуащ. Бызынджы къуажэ ефэндым деж илъэсищкIэ щеджа нэужь, Кязим Лэскэн дэт мыдрисэм щIэтIысхьащ, абы хьэрып тхыбзэр щиджащ, тыркубзэмрэ персыбзэмрэ щIэх дыдэ хэгъуэзащ, КъуэкIыпIэм щыщ усакIуэ цIэрыIуэхэм я усыгъэхэм щыгъуазэ хъуащ, ахэр лъабжьэ зыхуищIа усыгъэ куэд езыми къигъэщIащ, и анэдэлъхубзэм кърригъэзагъэурэ. А усыгъэхэр, псом япэрауэ поэмэхэр, балъкъэр литературэм дежкIэ налкъутналмэсущ зэралъытэр - абы щыхьэт тохъуэ Кязим и усыгъэ пасэхэр зыхута щIэныгъэлIхэр.

Кавказ Ищхъэрэм ит мыдрисэхэм щIэныгъэ щигъуэтауэ, усакIуэр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыщ къэрал зыбжанэм тIэунейрэ (1903,1910 гъэхэм) щыIащ, Мэчэм хьэж щищIащ, а хэкухэм ар еджагъэшхуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ куэдым нэIуасэ щахуэхъуащ, абыхэм я деж щеджащ. Кязим щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Къаир дэт Ал-Азхъар университетми.

ЩIэныгъэлIхэм зэралъытэмкIэ, Мечиевым и творчествэр Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыпх мэхъу: КъуэкIыпIэ Гъунэгъум Мэчэм щыщыIам щыгъуэ зэхилъхьа усыгъэхэр - абыхэм я нэхъыбапIэм я купщIэр дин макъамэхэмрэ цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэмрэщ; Ал-Азхъарым щыщIэса илъэсхэм Кязим и усэр нэхъ шэщIа, макъамэщIэхэмкIэ узэда, и гупсысэхэр нэхъ куу, нэхъ IупщI мэхъу (1900 - 1917 гъгъ.); Октябрь революцэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ я зэманым нэхъри зиIэтащ Кязим и усэ макъым, ар псэукIэщIэм фIыкIэ щыгугъ цIыхум и гущIэм къипсэлъыкI мэхъу (1917-1944 гъгъ.). Нэхъ иужькIэ дунейм къытехьэжа усыгъэхэм тепщIыхьмэ (30-40 гъэхэм), Кязим и нэгу щIэкIащ къэралым щызекIуэ леймрэ залымыгъэмрэ - усакIуэр абыхэм гупсысэм хамыдзэнкIэ Iэмал иIакъым. Ар щызыхыбощIэ Мечиевым и иужьрей усэхэм.

ЦIыхум сыт къыщылъысрэ мы дунейм, сыт хуэдэ IэнатIэ ар зыIутар, сыт ар и щхьэм щIыхуимытыр. Апхуэдэ упщIэхэм я жэуап пэлъытэщ Кязим и поэмэ пасэхэр - «Иман-ислъам», «Бегъымбархэр», нэгъуэщIхэри. УсакIуэм зэрилъытэмкIэ, цIыхум гупсэхугъуэ къезытынур диныращ, ар хьэкъ щыхъуауэ, абы и хабзэхэм, и ущиехэм иригъуазэмэ. УсакIуэр псом хуэмыдэжу нэхъ зытегузэвыхьыр цIыхубзым и дунейрщ, абы и гъащIэри и IэнатIэри зэрымыхъуэпсэгъуэрщ, лей къызэрылъысырщ. Апхуэдэ макъамэкIэ гъэнщIащ «ТIэхьиррэ Зухърарэ» поэмэр (ар щитхар 1891 гъэрщ).

ЦIыху цIыкIум и фэм дэкIымрэ и гум щыщIэмрэ, абы и дуней Iыхьэр зэрыдыджым, гъащIэмрэ зэман гущIэгъуншэмрэ къызэрытехьэлъэм усакIуэр щытетхыхьащ и усэ куэдым, аращ купщIэ яхуэхъуар, псалъэм папщIэ, «Тхьэусыхафэ» (1898), «Пщащэм и гукъеуэхэр» (1903) усэхэм.

Мечиевыр игъэгупсысэ зэпытащ и лъэпкъэгъухэр зыхэт гугъуехьхэм, ахэр усэ къарукIэ Iуэтэным зэи щыщтакъым Кязим. Абы и псалъэр жанщ, IупщIщ, нахуэщ и лъэпкъыр зыхэт кIыфIыгъэмрэ гугъуехьхэмрэ щытетхыхькIэ. Апхуэдэ макъамэкIэ гъэнщIа усэ куэд къыщIэкIащ Кязим и къалэмыпэм. Абы и лъэныкъуэкIэ жан дыдэщ «Шыкъулътыр уIэгъэ» поэмэр. «Си лъэпкъри уIэгъэ пэлъытэщ, абы и нэр ягъаплъэркъым, хьэзаб ирагъэшэч, и фэр ирах, и псэр ягъэхыщIэ» - апхуэдэ гупсысэщ поэмэм и дэтхэнэ сатырми яIуатэр. АбыкIи къызэтеувыIэркъым усакIуэр - хуитыныгъэ щигъуэтыну зэманым щIэбэнын зэрыхуейм къыхуреджэ Кязим и лъэпкъэгъухэр, бэлыхь тIуащIэ зрагъэшэч цIыху цIыкIур. Ар макъамэщIэщ Кязим и усэм дежкIэ.

ЦIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр сэтей щIыным зыпыIуидзакъым балъкъэр лъэпкъылIым. Ар и усэ куэдым купщIэ яхуэхъуащ. Ауэ ари фIэмащIэщ дунейм и пIалъэ зыщIэ, зи нэгум куэд щIэкIа, зи гупсысэр хуэм-хуэмурэ жан, бзыгъэ хъуа усакIуэм. Лъэпкъым, цIыху цIыкIум джакIуэ хуэхъун зэрыхуейм егупсысащ «Шыкъулътыр уIэгъэ» поэмэ телъыджэр зи гущIэм къиIукIа Мечиевыр. «Си хэкум насып щигъуэтынур сщIамэ, шым зездзынти, сынэсынт; лъы хъуауэ псыдзэм сыIуухатэми, си гур кхъуафэжьей сщIынти, сызэпрысыкIынт»-апхуэдэ псалъэхэм ущрохьэлIэ Кязим 1910 гъэм Мэчэм щитха усэм.

1910 гъэм хьэжыщI етIуанэу кIуауэ щытащ Мечиевыр. Зи ныбжь нэса, гъащIэмрэ зэманымрэ Iущ щIэхъукIа усакIуэт Кязим абы щыгъуэ. Гъуэгуанэ кIыхьыр щызэпичым, абы и нэкIэ илъэгъуащ цIыхур дэнэ щIыпIи хьэзабым зэрыщыхэтыр. «Ар уигу тебгъахуэ хъунукъым, цIыхум тыншыгъуэрэ гупсэхугъуэрэ игъуэтынукъым, ар щхьэхуит мыхъуауэ» - апхуэдэ гупсысэм хуэкIуащ ар,- абы щыхьэт тохъуэ Кязим а зэманым итха усэхэр. Аращ усакIуэр большевикхэм зэхаубла бэнэныгъэм щIыщыгуфIыкIар. «Iэщэр къафщтэ,- итхыгъащ Кязим 1919 гъэм. - IэщэкIэщ цIыхум щхьэхуитыныгъэрэ насыпрэ къызэризэуфынур». ЦIыхубэр хуитыныгъэм щыщIэбэна зэманми нэхъ иужькIи Кязим итха усэхэр гъэнщIащ нэхугъэкIэ, гурыфIыгъуэкIэ, фIэщхъуныгъэкIэ.

1939 гъэм къыдэкIащ Мечиев Кязим и усыгъэхэр щызэхуэхьэса «Си псалъэ» тхылъыр. Абы щхьэкIэ усакIуэм къыфIащауэ щытащ «КъБАССР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

БАЛЪКЪЭР лъэпкъым ирахьа леймрэ залымыгъэмрэ и щхьэкIэ игъэунэхуащ Кязим - хэкум ирагъэкIауэ щытащ усакIуэ щIэджащэр. «Я дэ ди Тхьэ! Мывэ хъурейуэ сыбгъэжми, си жьэгу пащхьэм сихьэж, ди къуршхэм сахуэшэж» - щитхыгъащ Кязим хамэ щIыналъэм. Апхуэдэ насып илъэгъуакъым Мечиевым: Къэзахъстаным 1945 гъэм щылIащ. Илъэс куэд дэкIауэ, усакIуэм и хьэдэр къашэжри, Налшык щыщIалъхьэжащ.

Кязим и усыгъэхэм я фIыпIэр щызэхуэхьэса тхылъхэр дунейм къытехьащ. Ахэр лъэпкъ куэдым я бзэкIэ зэрадзэкIащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

МЕЧИЕВ Кязим

ПСАЛЪЭФI

ПсалъэфIыр хуэуIэнукъым зэи маисэм.
ПсалъэфIыр хуехьэжьэнкъым жьы мыгъасэм.
ПсалъэфIым зэи хуагъэувкъым уасэ.
ПсалъэфIыр зэи яхуэщIынкъым мысэ.

ПсалъэфI хэмытмэ, сытым щыщ ди гъащIэр? -
Ар ещхьщ шхыныгъуэу шыгъур зыхущыщIэм.
ЛIыщ нэгъэсауэ псалъэфI къэзыгъэщIыр,
Апхуэдэм и акъылыр хъуркъым мащIэ.

ЦIыхубэ Iуэхущ псалъэфIыр зыщIэбэныр,
ПсалъэфIщ залымыгъэр дэзылъхьэжыр бэным,
Аращ цIыхуфIым фIэмыкIуэд и уазыр,
ЦIыху Iейр аращ, шынауэ, щIэгулэзыр.

ПсалъэфIым шынэ ищIэркъым, зигъэшу.
ЩыкIам и щхьэгум ихуэфынущ башу.
ТхьэмыщкIэ унэм щIохьэр, къыщхьэщыжу,
Хъуам къарууншэ, лъы къыщIигъэхьэжу.

Нэщанэм нэсмэ, мэупщIыIуж шэ тхъуэплъыр,
Псыр йогъукIыжыр, дыгъэр щызэщIэплъэм.
ПсалъэфIыр упщIыIункъым, игъукIынкъым,
Къиубыдуи, зэи зыми гъэр хуэщIынкъым.

ПсалъэфIыр таурыхъ IэфIщ, уэрэд дахащэщ,
УимыIэм ар - дунейр бгъуэщIагъщ, угъуащэ,
Уи гъуэгури уигури хэкIыркъым кIыфIыгъэм.
ПсалъэфIырщ дэ тхуэхъужыр гъуэгу уэздыгъэ,
Игъэхуабэу ди жьэгу пащхьэр, зыщIыр бей,
Сытым щыгъуи дыщехъумэр абы бийм.

ПсалъэфIыр уи гуфIэгъуэ хьэгъуэлIыгъуэщ,
Махуэ къэсыхукIэ пщIыгъуми, уи щIэщыгъуэщ.
Къыпхуэпэжынщ псалъэфIыр гузэвэгъуэм,
Къыпщхьэщыжынщ дзыхь зэбгъэз ныбжьэгъуу.

ПсалъэфIыр сытым дежи гъуэгугъэлъагъуэщ,
ПщIыгъунущ ар, уи Iуэхур щымыщIагъуэм.
Дэ дехыжынщ дунейм, ар къытенэнущ,
Псэууэ къэдгъанэ псоми хуэлэжьэнущ.

Зыупсхэм пцIы, залымыр зи гурылъым
Кязим псэухукIэ, къывитынкъым псалъэ.
Си псалъэ пэжыр хуэгъэзащ цIыху пэжым,
Лей къызытехьэ псоми къащхьэщожыр.

* * *

Унэм сыщIоплъыкIри, уи жьэгум
Къыдиху Iугъуэр нэIурытщ,
си пщащэ.
Ауэ уи деж сынэзышэ гъуэгур
Багдад нэс кIуэ гъуэгуу хъуащ
кIыхьыщэ.
Уи дэлъхумрэ уи адэмрэ
дигу къеуэу,
ДызэращIрэ дэ тIур зэпэIэщIэ,
Нэщхъеягъуэр си гум
банэу хэуэу,
Псыуэ Шэджэмыжь блихар
мымащIэ.
ГуэныхьыщIэ пащхьэм жэнэт
куэбжэр
Iух имыIэу зэрыщызэхуащIым
Хуэдэ дыдэу, сэркIэ уи унэбжэр
ЗэхуэщIащ игъащIэкIэ, ар сощIэ.

1880 гъэ

ЗэзыдзэкIар **УЭРЭЗЕЙ Афликщ.**

Уахътыншэ

Балъкъэр поэзиемрэ балъкъэр литературэбзэмрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим гъащIэшхуэ къигъэщIащ, нэхъыбэжи и нэгу щIэкIащ. Езым и зэманым щыIа социальнэ Iуэхугъуэ инхэр зи творчествэм къыщыгъэлъэгъуэжа лIы Iущым и IэдакъэщIэкIхэр балъкъэр поэзием и дыщэ пхъуантэ хъуащ. Ди республикэм и урыс тхакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ щыта Киреев Михаил Мечиевым теухуауэ итхыгъащ: «Абы и кIыщым къыщыблэ мафIэм деж цIыхухэм къахьыр я пхъэIэщэ къутахэм я закъуэтэкъым, абыхэм мыбдеж я гуфIэгъуи, нэщхъеягъуи, гупсысэ хьэлъи къырахьэлIэрт…»

ДАХЭЩ Безенги аузыр. Къыр уардэхэр лIыжь Iущ хэгупсысыхьауэ ноби къуэ зэвхэм доплъызэ. Доплъызэ илъэси 150-кIэ узэIэбэкIыжмэ дэплъызэу зэрыщытам хуэдэу. А зэманым, 1859 гъэм, Безенги аузым дэс Шики къуажэм щыпсэу Мечиев Беки щIалэ цIыкIу къыщыхуалъхуам, зыми и гущхьэ къэкIагъэнкъым ар лъэпкъ псор зэрыгушхуэ, зи цIэр щIэблэхэм зэIэпахын, дэтхэнэ балъкъэр усакIуэри «ЕгъэджакIуэкIэ» зэджэну цIыхушхуэ хъуну. Апхуэдэуи зыми ищIакъым абы къыпэщылъ гъащIэ гъуэгуанэм и гугъуагъымрэ а гъуэгуанэм и хьэлъагъымрэ зыхуэдизыр. Зыми ищIакъым а гъуэгуанэм Кязим балъкъэр къуажэм къыдишу дунейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрыщигъэхутэнур.

ЩIэныгъэншэ, къулейсыз унагъуэм къыщалъхуми, Кязим тхэкIэрэ еджэкIэрэ зригъащIэри, щIэныгъэ зригъэгъуэтыным хуэпабгъэу, и къуажэ жьым дэкIри, куэд къызэхикIухьащ. Абы хьэрыпыбзэр, къэжэрыбзэр иджащ, тыркухэм я поэзием и щэхум зыхигъэгъуэзащ, хьэрыпхэмрэ къэжэрхэмрэ я гъуазджэм наIуэ зыхуищIащ. Аращ хьэрып хьэрфхэм балъкъэр усэм и япэ сатырхэр къизыгъэтIэсар.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъур къыщызэхикIухьым, абы и лъэпкъхэмрэ къэралхэмрэ я псэукIэм щыкIэлъыплъым, Мечиевым фIы дыдэу къыгурыIуащ «тхьэмыщкIэр дэнэ щIыпIи щытхьэмыщкIэу, къулейр тхьэмыщкIэм и тепщэу зэрыщытыр». Ауэ абы езы дыдэми къыгурымыIуэжынкIэ хъунт и усэхэр хьэрып хьэрфхэм щригъэтIасэм балъкъэр усыгъэм и лъабжьэр зэригъэтIылъыр.

КъызыхэкIа лъэпкъым и гурыгъу-гурыщIэхэр езыми и гурыгъу-гурыщIэу, и гуауэр и гуауэрэ и гуфIэгъуэр и гуфIэгъуэу къызэрекIуэкIар Кязим и усыгъэм хэкIыпIэ нэхъыщхьэ хуэхъуащ. Аращ а усыгъэр цIыхубэм къыщIищтари. Аращ Мечиевыр балъкъэр поэзием и фIыпIэу, и къежьапIэу усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын къыщIилъытар. Езы Кулиевым и егъэджакIуэм теухуауэ итхауэ щытащ: «УсакIуэ иныр щIыналъэ лъагэм, щIыналъэ гъуэзэджэм щыпсэуащ. Дэ ди дежкIэ ар куэдрэ ди лъэпкъым къыхуэблэну вагъуэщ…»

Куэд пхужыIэнущ Мечиевым и поэзием теухуауэ. Ар, адыгэхэм ди ПащIэ Бэчмырзэ къызэрыт лъытэм хуэдэу, балъкъэрхэм я япэ усакIуэу ябж. Ауэ цIыхушхуэхэм куэдрэ къахуохъуэ гузэвэгъуэ Iэджэ я нэгу щIэкIыну. Кязим и ухыгъэри тыншу щытакъым. Залымыгъэ зытралъхьэу я лъахэм ираша и лъэпкъым щIыгъуу ар 1944 гъэм щIыпIэ жыжьэ къыщыхутащ.

Щалъхуа щIыналъэм пэIэщIэу ар Къэзахъстаным дунейм щехыжащ. Балъкъэрхэм я хэку къагъэзэжа нэужь, тхакIуэхэри щIэныгъэлIхэри зыкъомрэ лъыхъуащ Мечиевыр здыщIэлъ щIыпIэр къахутэну. Ауэ ар щахузэфIэкIар 1989 гъэм и фокIадэрщ. Мечиевым и илъэси 130-р щагъэлъапIэ махуэхэм тхакIуэ, щIэныгъэлI гуп Къэзахъстаным, Талды-Курган областым и Караталь районым хыхьэ Тельман къуажэм кIуащ. Абы щыпсэухэм ящIэжу къыщIэкIащ балъкъэр усакIуэр, абы и кхъащхьэр хьэщIэхэм кърагъэлъэгъуащ. Ауэ езы усакIуэр дунейм щехыжар Коксу жыхуиIэ къуажэрщ, и гъащIэм и иужьрей махуэхэр щихьар аращ. И къуэр щыпсэуар Тельман жылагъуэрщ, аращ усакIуэр абы щыщIалъхьэжын хуей щIэхъуари.

Мис апхуэдэу, и Iыхьлыхэм я гъусэну хузэфIэмыкIыу, и иужьрей махуэхэр къигъэщIащ усакIуэм. Езыр дунейм ехыжами, и усэхэр къэнащ. Къэнащ лъэпкъ дамыгъэу, лъэпкъ набдзэу, лъэпкъ Iущыгъэм и нэщэнэу. А лIы щэджащэм кIыщым щипсыха усэхэр икъукIэ лъэщ дыдэ хъу, псэ быдэхэу къыщIэкIащ. Ахэр уахътыншэ хъуауэ лъэпкъым къыдокIуэкI.

Езы Кязим и псалъэхэмкIэ жытIэнщи, ажалри зэманри пэлъэщакъым икIи пэлъэщынукъым абы и усэ уахътыншэхэм.

ЕЛГЪЭР Кашиф.

ЦIыхубэ усакIуэм чэнджэщ ирет тхэн щIэзыдза щIалэм. Абыхэм къащхьэщытщ КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и секретарь Отаров Керим.
1938 гъэ

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● ПцIыр сыткIэ щхьэпэ?

Мэзыр щыхьэтщ

Илъэс 15-кIэ узэIэбэкIыжмэ, «демократие нэсым» зи щхьэр игъэунэза газетхэм ящыщ зым къытехуат «Зыри зыщымыгъуазэ зауэ» я фIэщыгъэу тхыгъэ пIащэ зыхыбл. Ар зи къалэмыпэм къыщIэкIа «къэхутакIуэм» къигъэсэбэпар фашистхэм къыдагъэкIыу щыта газетхэрати, щытхъупсыр къригъэжэхат Ставрополь щIыналъэр зыубыда бий бзаджэм.

ТХЫГЪЭХЭМ яукъуэдийрт фашистхэм ди щIыпIэм «хуитыныгъэр» кърахьауэ, предприятэхэр, колхозхэр зэхэзыкъутар большевикхэрауэ, совет цIыхухэр фашистхэм гуапэу яIущIауэ, цIыху хей гуэри «хьэщIэхэм» яIэщIэмыкIуэдауэ.

Апхуэдэ тхыгъэ егъэлеяхэр гунэс зэрысщымыхъуар утыку къыщисхьэм, судым сратыгъат. Судым и зэхуэсу плIыщIым щIигъум щыжысIэн хуей хъуащ газет «гъуэжьым» къытехуа тхыгъэхэр пцIы зэфэзэщу, тезыр ткIий зытелъхьапхъэу зэрыщытыр. Ауэ судым унафэ гуэри ищIакъым, си мыарэзыныгъэхэр «лъабжьэншэу» къилъыта мыхъумэ.

А псори сигу къыщIэзгъэкIыжыр Ставрополь къалэкум ит мэзым иджыблагъэ къыщагъуэта, совет цIыхухэм я хьэдэхэр зыщIэлъ кхъэ зыбжанэрщ, зэрыпхъуакIуэхэм я хьэкIэкхъуэкIагъэм и щыхьэт наIуэхэрщ. ЗэкIэ белджылы къэхъуакъым хьэдэхэм я бжыгъэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ахэр щэ, уеблэмэ, мин зыбжанэ хъунущ. НэгъуэщI щIыпIэхэми къуэшыкхъэхэр къыщылъыхъуапхъэу жызыIэхэри мащIэкъым.

Шэч хэмылъу, зэманым дяпэкIи белджылы къищIынщ совет цIыхухэр «гуапэу» зыIущIа фашистхэм къытхуахьа «хуитыныгъэр» зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ къэзыгъэлъагъуэ нэгъуэщI щапхъэ игъуэджэхэри.

ВНУКОВ Егор.
«Северный Кавказ».

●IэшырыI

Iэмал щIагъуэ

Суд приставхэм къамыгупсыс щыIэкъым щIыхуэ зытелъхэр ягъэпшынэн щхьэкIэ. Иджыблагъэ хабзэм и лIыкIуэхэм «къагъэубзащ» куэд щIауэ зыхузэгуэп хьэрычэтыщIэр, къытехуа щIыхуэхэр зыпшыныжыну хуэмейр. Абы и унэм джэду лъэпкъыфI щызекIуэу щалъагъум, ар къытрахыну щыжаIэм, бысымыр къэгузэващ, и бохъшэр къызэкъуихри, щIыхуэу телъыр зытригъэкIыжащ.

ХАБЗЭМ приставхэр хуит ещI жэм, IэщIэвыщIэ, мэл хуэдэхэри, «мылъку» зыфIэпщ хъуну дэтхэнэ хьэпшыпри (щIыIалъэ, зэрыжыщIэ машинэ, нэгъуэщIхэри) къатхьэкъуну. Апхуэдэ Iэмалри иужьрей зэманым приставхэм нэхъыбэрэ къагъэсэбэпу щIадзащ.

ЕВСТЕГНЕЕВ Дмитрий
«Известия».

Тхылъ шынагъуэхэр

УФ-м и МВД-м Шынагъуэншагъэмкlэ и департаментым иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм сэтей къащIащ тыкуэн зыкъомым фIагъыншэ, еджакIуэхэм я узыншагъэм зэран хуэхъункIэ хъуну лэчхэр зыхэлъ, щхуу «хьэрычэтыщIэхэм» традза тхылъхэр, тетрадхэр, дневникхэр, картэхэр. Щэхурылажьэ типографиехэм къыщIахащ хабзэм къемызэгъыу ягъэхьэзыра тхылъ зэмылIэужьыгъуэу мин 700 хуэдиз. Уголовнэ Iуэхухэр къаIэтауэ, хабзэ хъумакIуэхэм яубзыху тезыр зытелъхьапхъэхэр.

ДАУЭ къызэрыпщIэнур тхылъхэр къэрал мардэхэм къезэгърэ къемызэгърэ? Япэрауэ, жинтхэр пIащIэщ, картон фIагъыншэм къыхэщIыкIауэ, дахэ-дахэу зэмыкIуалIэу. ЕтIуанэрауэ, тхыгъэхэр къызэращыпа хьэрфхэр фагъуэщ, сурэтхэри IупщI дыдэкъым. Ещанэрауэ - аращ нэхъыщхьэр - тхылъ напэхэр пIащIэIуэщ, газетхэр зэрытрадзэ тхылъымпIэм къыхэщIыкIауэ.

ФАЛАЛЕВ Михаил.
«Российская газета».

Мыгъуагъэшхуэ

Латин Америкэм щыIэ къэралхэм (Боливием, Бразилием, Венесуэлэм, нэгъуэщIхэми) я гуапэу къащтащ икIи егугъуу ягъэзащIэ ЩIыпIэрыс лъэпкъхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным теухуауэ ООН-м ищIа Унафэр (Декларацэр). А Унафэр зыуи къизымыдзар Колумбием и закъуэщ. Сыт апхуэдэ жыIэмыдэIуагъэм къырикIуар?

НЭХЪАПЭХЭМИ хуэдэу, мы къэралым зэхэзехуэн щащI лъэпкъ 28-рэ хъу индейхэр, ахэр я щIыпIэм кърахуурэ, хадэ абрагъуэхэр зыIэщIаубыдэ щIыпIэ помещикхэм, «экономикэ мафие» жыхуаIэм хэтхэм, афиянкIэ сондэджэрхэм.

Псом хуэмыдэу, лей куэд къытохьэ нукак лъэпкъым, илъэс тIощIкIэ узэIэбэкIыжмэ мелуан ныкъуэ хуэдиз хъууэ щытам. Мы лъэпкъым хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ иужьрей илъэсхэм. Абы щыщу мы зэманым псэууэ щыIэжыр зэрыхъур цIыху 490-рэ къудейщ.

СПЕРСКИЙ Геннадий.
«Правда».

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

● Къэралымрэ динымрэ

Дзэм хамэ хэткъым

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий дин IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм я зэхуэсым щыжиIащ дяпэкIэ диным и лэжьакIуэхэр дзэ къулыкъум хэтыпхъэу къызэрилъытэр, еджакIуэхэмрэ абыхэм я адэанэхэмрэ езыхэр зыхуей диныр е щIыпIэ хабзэхэр яджыну зэрыхуитыр, хэгъэзыхь лъэпкъи щымыIэу.

ЩОДЖЭНХЭР («священник» жыхуаIэхэр) дзэ къулыкъум ягъэакIуэу щIадзэнущ дызэрыт илъэсым кърикубыдэу. 2010 гъэм и гъатх эм ирихьэлIэу дерсхэм хагъэхьэнущ ДНВ («Духовнэ-нравственнэ гъэсэныгъэ») жыхуаIэр. Япэ щIыкIэ мы Iуэхур щагъэунэхунущ еджапIэу мин 12 хуэдизым, итIанэ къэрал псом щызэлъащIысынущ.

-Ди Конституцэм и 14-нэ, 28-нэ статьяхэм къагъэув къэралымрэ динымрэ зэпэщIэхауэ щытын хуейуэ,-къыхигъэщащ и псалъэм Медведевым. - Дэ зи Iуэху зетхуэр цIыхухэм я хуитыныгъэр къызэрытлъытапхъэрщ, абы уебакъуи хъунукъым.

Псори зэхэту къапщтэмэ, урысеидзэм къулыкъу щызыщIэнур диным и лэжьакIуэу 300 хуэдизщ. Дивизэм е бригадэм хэтхэм я процентипщIыр дин нэхъыщхьэхэр зезыхьэхэм, дин хабзэхэр зыгъэзэщIэну хущIэкъухэм ящыщмэ, абыхэм я лъэIухэр хуагъэзэщIэнурэ, дзэ частым ягъэкIуэнущ дин лэжьакIуэхэр. Абыхэм хуагъэувынущ частым и командирым и къуэдзэм иIэ улахуэм хуэдиз, зауэлI фащэр щрагъэтIэгъэнукъым.

Япэ щIыкIэ дин лэжьакIуэхэр ягъэкIуэнущ Арменим, Таджикистаным, Украинэм, Къыргъызым, Абхъазым, Осетие Ипщэм щыIэ урысей базэхэм, Кавказ Ищхъэрэм и военнэ округым хиубыдэ дзэ часть нэхъыщхьэхэм.

IэщIагъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, дзэ къулыкъум хъарзынэу хэзэгъэнущ дин лэжьакIуэхэр. Абы щыхьэт тохъуэ Валаам хытIыгумрэ Владимир областымрэ щыIэ дзэ щхьэхуэхэм я щапхъэфIхэр. Мы щIыпIэхэм сэлэтхэр фIыуэ щызэхущытщ, «дедовщинэ» жыхуаIэр зищIысыр ящIэххэкъым, уеблэмэ, дин зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэри щызэкъуэтщ, зылI и быным хуэдэу.

Нэхъ гугъусыгъу хъуну къыщIэкIынущ дин хабзэхэр школхэм щегъэджыныр. Сыт щхьэкIэ? ЕгъэджакIуэхэр щахурикъунукъым ди къэралым и щIыпIэ куэдым. Я щIэныгъэр хагъэхъуэн, къалэныщIэхэм зыхуагъэпсын хуей хъунущ цIыху мин 44-м щIигъум. Ахэр щытынукъым дин лэжьакIуэу, нэ хъыбэу къызыхашэнур тхыдэмрэ обществознаниемрэ езыгъэджхэрщ.

ЕЛКОВ Игорь.
«Российская газета».

Иджыблагъэ Москва щыхьэщIащ Венесуэлэм и президент Чавес Уго. Абы и жэрдэмкIэ Венесуэлэм къыщащтащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зыми IэщIэмылъ къэралыгъуэ щхьэ хуиту къызэралъытэм теухуа унафэ. А хъыбарым икъукIэ щыгуфIыкIащ абхъазхэмрэ осетинхэмрэ. Ахэр щогугъ Венесуэлэм и щапхъэр даIыгъыну Эквадорым, Боливием, Гондурасым, Кубэм, нэгъуэщI къэралхэми.
Сурэтым: УФ-мрэ Венесуэлэмрэ я президентхэу Медведев Дмитрийрэ Чавес Угорэ.

●УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Солженициныр «хьэлъэIуэкъэ»?

- Ди къалэр цIыкIущ, къулейхэми ящыщкъым. Ауэ къалэ унафэщIым щIэх-щIэхыурэ и автомашинэр ехъуэж хамэ къэралхэм щащIа лъапIэйхэмкIэ. Ар щхьэ хуадэрэ?
ЗАВОРОТОВЭ С, *Москва область.*

- УРЫСЕЙМ къэрал къулыкъу щызепхьэныр зэи хуэмыдэжу фейдэ хэкIыпIэщ,- жеIэ тхакIуэ цIэрыIуэ Веллер Михаил - КъулыкъущIэхэр нэхъыбэу зыхущIэкъур цIыхубэм сэбэп зэрахуэхъунукъым, я жыпхэр ахъшэкIэ зэракудэныр щ. Ар IупщIу щыболъагъу тепщэгъуэр зыIэщIэлъхэм ящыщ куэдым я деж. Къэралым и унафэщIхэм дызэрыт лъэхъэнэ гугъусыгъум «ди бгырыпххэр щIэткъузэн» хуейуэ зэрыжаIэм зыри къикIыркъым, къикIынуи къыщIэкIынукъым «рынок идеологие» жыхуаIэм фIэкIа нэгъуэщI зыгуэри нэкурэ напIэу къулыкъузехьэхэм зэрамыIэжым кIэ игъуэтыхункIэ.

- Зэманым къегъэув Урысеймрэ Абхъазымрэ я зэпыщIэныгъэхэр нэхъри гъэбыдэн хуейуэ. АбыкIэ сэбэп мыхъуну пIэрэт «Военнэ-абхъаз гъуэгу» жыхуаIэу щытар зэфIэгъэувэжатэмэ?
А. Н., *Сочи.*

- УПЩIЭР къэзыIэтар захуэщ. Кодор аузыр Абхъазым зыIэригъэхьэжа нэужь, IэмалыщIэхэр щыIэ хъуащ зи гугъу тщIы гъуэгур зэгъэпэщыжынымкIэ. Ар ящIыгъат 19-нэ лIэщIыгъуэм. Хъарзынэу къагъэсэбэпащ 1946 гъэ пщIондэ. Нэхъ иужьыIуэкIэ, къызыхаха щхьэусыгъуэри мыбелджылыуэ, зэхуащIыжыгъащ. Шэч хэмылъу, гъуэгум и мыхьэнэр инщ. Сыт щхьэкIэ? Япэрауэ, шынагъуэншэщ, Куржым и дзэхэр здэщыIэ щIыпIэхэм пэIэщIэщи. Абхъазымрэ Черкесскрэ я зэхуакум дэлъыр километр 274-рэ къудейщ. Абы щыщу километри 170-м асфальт телъщ, километр 53-р губгъуэм пхрыкI гъуэгу захуэщ. ЗэфIэгъэувэжын, гугъу здехьын хуейр километр 30 хуэдиз фIэкIа хъуркъым. Иджырей техникэмкIэ а лэжьыгъэр зэфIэбгъэкIыным зыри хэлъкъым.

- КъызгурыIуэркъым: сыт Кадыров Ахъмэт и фэеплъыр, Грознэ къалэм дэтар, щIакъутар?
ГОРНОВЭ Н., *Минводы.*

- IУЭХУР зытетыр мыращ. Шэшэным и япэ президентыр щыпсэум мызэ-мытIэу жиIэгъащ фэеплъ хуагъэувыну зэрыхуэмейр. Хьэж зыщIа, ислъам диным хьэлэлу хуэлажьэ лIым фIыуэ къыгурыIуэрт мывэпкъ фэеплъышхуэхэр адэ-мыдэкIэ куэду зэрыщыIэр муслъымэн хабзэм къизэремызэгъыр. ЖыпIэнуракъэ, иджырей президентым Iуэху щхьэпэ илэжьащ и адэм и уэсятыр игъэзащIэри.

- ХъыбарыщIэхэм хэту радиокIи телевиденэкIи къатащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ныкъуэдыкъуэхэм я Iуэхухэр зезыхуэ совет къызэрыщызэрагъэпэщар. Ар цIыхухэм сыткIэ сэбэп яхуэхъуфыну?
ЛАЙПАНОВ Т., *Налшык.*

- ПЭЖЩ. Апхуэдэ Совет щыIэн хуейуэ къилъытэри, унафэ щхьэхуэ къыдигъэкIащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен. Советым хэтынущ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIу, властым и лIыкIуэу цIыху 19. Абыхэм яубзыхунущ зи узыншагъэр зыфIэкIуэдахэм ядэIэпыкъуныр хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр, къэгъэсэбэпыпхъэ Iэмалхэр, Iуэху щхьэпэхэр дагъуэншэу екIуэкIынымкIэ жэуаптакIуэхэр. Советым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыху узыншэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэхуэдэу я Iуэхухэр дэгъэкIыным пыщIа хабзэхэр къэщтэныр, гъэзэщIэныр.

- «Катынь Iуэху» жыхуаIэр полякхэм щIэрыщIэу «ягъэныщкIу». Сыт ахэр зыхуейр?
ИВАНОВ В., *Смоленск.*

- «КАТЫНЬ IУЭХУР» бгъущI гъэхэм Ельциным и унафэкIэ къаIэтауэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ дэфтэр зыкъом хэIущIыIу къащIауэ, Польшэм иратауэ щытащ. Абыхэм яхэлът 1940 гъэм гъатхэпэм и 5-м Политбюром ищIа унафэр, полякхэр судыншэу зэтеукIэн хуейуэ къэзызгъэува къулыкъузехьэхэм жаIахэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрхэр, нэгъуэщIхэри. 2004 гъэм Iуэхур Урысейм щызэхуащIыжат, зи гугъу тщIа документхэри яущэхужат. Ауэ абы арэзы техъуакъым яукIахэм я унагъуэхэм, Iыхьлыхэм щыщхэр. Сыт ахэр зыхущIэкъур? Лажьэншэу яукIахэм (ахэр цIыху мин 15-22 хуэдиз мэхъу) я цIэхэр къаIэтыжыну, лей зезыхьахэм я цIэ-унэцIэхэр газетхэм къытрадзэну, «компенсацэ» жыхуаIэри, еврэ зырыз фIэкIа къалъымысми, зыIэрагъэхьэну аркъудейщ.

Ауэ Урысейм хузэфIэкIыркъым лей зытехьахэм я щIэблэм къагъэувхэр игъэзэщIэну. Сыт щхьэкIэ? Япэрауэ, документ яущэхужахэр щIэрыщIэу «къызэIухыжын» хуейщ. ЕтIуанэрауэ, яукIахэм я Iуэхухэр къыщыгъэлъэгъуа дэфтэрхэр щэныкъуэ гъэхэм ягъэкIуэдащ, зыри зыхуэмеиж тхылъымпIэжьхэм ящыщу къалъытэри.

Аращ «Катынь Iуэхур» полякхэм «щIагъэныщкIур». Абыхэм я мыарэзыныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхьэусыхафэхэр Страсбург судым нагъэсащ.

- Класс нэхъыжьхэм щIэсхэм дяпэкIэ ирагъэджыну жаIэ Солженицын Александр и тхыгъэхэр, псалъэм папщIэ «Архипелаг ГУЛАГ»-р. Ар икъукIэ роман «хьэлъэщ». Зи ныбжьыр илъэс 15-16 фIэкIа мыхъуахэм яхуэIэтыну пIэрэ апхуэдэ лэжьыгъэр?
АФАНАСЬЕВЭ Г., *Москва область.*

УпщIэм жэуап кърет тхакIуэм и щхьэгъусэ Натальэ:

- СЭ КЪЫЗГУРОIУЭ Афанасьевэр зытегузэвыхьыр. ПцIы хэмылъу, ныбжьыщIэхэм дахэдахэу къагурыIуэну къыщIэкIынукъым романыр. Абы къыхэкIыу зи Iуэху зетхуэнур лэжьыгъэшхуэм щыщ пычыгъуэ гуэрхэр къыхэтхынырщ. Романым и Iыхьэ нэхъ купщIафIэхэр, зыкъомкIэ дгъэкIэщIми, ныбжьыщIэхэм гунэс ящыхъунщ, дерсыфIи яхуэхъунщ.

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд-7» газетхэм къитхащ.